**दिन—शनिवार** **दिनांक—07.03.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केन्द्र सरकार बिहार आ पश्चिम बंगालक किछु जिला के मिलाकऽ नव केन्द्रशासित प्रदेश बनेबाक दावा के पूरा तरहें खारिज कयलक अछि। केन्द्रीय गृह राज्यमंत्री नित्यानंद राय सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि जे ई दावा पूरा तरहें तथ्यहीन अछि। ओ लोक सभ सँ एहेन कोनो भ्रामक जनतब साझा नहिं करबाक अपील कयलनि।

---

केन्द्र सरकार घरेलू गैस सिलिंडरक दाम मे साठि टाकाक वृद्धि कयलक अछि। ओतहि, उन्नैस किलोग्रामवला व्यावसायिक सिलिंडर एक सय पन्द्रह टाका महग भऽ गेल अछि। बढ़ल दाम आइ सँ लागू भऽ गेल। एम्हर, भारत पेट्रोलियम जनौलक जे देश मे ईंधनक पर्याप्त भंडार अछि आ सप्लाई चेन सामान्य रूप सँ चलि रहल अछि। कंपनी ओहि दावा के खारिज कयलक अछि जाहि मे किछु स्थान पर पेट्रोल आ डीजल, एलपीजी आ पीएनजीक किल्लत भऽ रहल अछि। सरकार जनौलक जे एहेन दावा पूरा तरहें निराधार अछि।

---

जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा कहलनि जे राज्य मे गठित होबयवला नव सरकार मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के मार्गदर्शन मे काज करत। आइ पटना मे पार्टीक जिलाध्यक्ष सभक संग बैसकक बाद श्री झा संवाददाता सभ सँ गपशप कऽ रहल छलाह। ओ जनौलनि जे राज्यसभा सदस्य बनबाक बाद सेहो नीतीश कुमार अपन अधिकांश समय बिहार के देताह। श्री झा कहलनि जे राज्यसभा जयबाक निर्णय हुनक अपन अछि। श्री झा कहलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के पुत्र निशांत कुमार काल्हि आधिकारिक रूपें जदयूक सदस्यता ग्रहण करताह। ओ जनौलनि जे पार्टी हुनक भूमिका तय करत। संगहि ओ जनौलनि जे निशांत कुमार आइ जिलाध्यक्षक बैसक मे सम्मिलित भेलाह। एम्हर, बैसकक बाद राजेश कुमार मंडल जनौलनि जे निशांत कुमार शीघ्रहि पूरा बिहारक भ्रमण करताह। हुनक यात्राक प्रारंभ चंपारणक धरती सँ होयत।

---

बिहार मे तेजी सँ बदलि रहल राजनीतिक घटनाक्रमक मध्य मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ लोकभवन जाकऽ राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां सँ भेंट कयलनि। ई भेंट मुलाकात लगभग दस मिनट धरि चलल। जनाओल जा रहल अछि जे विदाई प्रोटोकॉल के अंतर्गत मुख्यमंत्री राज्यपाल सँ मिलबाक लेल पहुंचल छलाह। एम्हर, राष्ट्री लोक मोर्चा अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सँ भेंट कयलनि। एहि दरमियान जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष सेहो उपस्थित छलाह। ओतहि, दोसर दिस नागालैंड के नवनिय ुक्त राज्यपाल नंदकिशोर यादव सेहो आइ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सँ मुलाकात कयलनि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटनाक अथमलगोला मे निर्माणाधीन बख्तियारपुर–ताजपुर पुल परियोजनाक निरीक्षण कयलनि। ओ इंजीनियरिंग कॉलेज लऽग रेल ओवर ब्रिज आ श्रीगणेश हाई स्कूल भवन निर्माण कार्यक सेहो जायजा लेलनि। मुख्यमंत्री अधिकारी सभ के काज शीघ्रता सँ पूरा करबाक निर्देश देलनि।

---

राज्य सरकार कहलक जे अवैध होर्डिंग आ बैनर लगबयवला सभक विरूद्ध कड़गर कार्रवाई कयल जायत। उपमुख्यमंत्री सह नगर आवास विभागक मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे सरकारी राजस्वक हानि करयवला सभ सँ आर्थिक अपराधी जकां निबटल जायत। ओ जनौलनि जे राज्यक सभ दू सय चौंसठि नगर निकाय मे अभियान चलाकऽ एगारह हजार सँ बेसी अवैध होर्डिंग के मामिला मे कार्रवाई कयल गेल आ बीस लाख टाका जुर्मानाक राशि वसूलल गेल अछि।

---

गया स्थित ऑफिसर ट्रेनिंग अकादमी सँ आइ सेना के दू सय एकासी नव अधिकारी भेटल अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे पासिंग आउट परेड मे अट्ठाईस महिला सहित दू सय एकासी ऑफिसर कैडेट कमीशन प्राप्त कयलनि।

———————————————————————————

निगरानी जाँच ब्यूरोक टीम सीतामढ़ीक सुरसंडक प्रखंड विकास पदाधिकारी कृष्णा राम के सीतामढ़ी, पटना आ पूर्वी चंपारण जिलाक पाँच ठेकान पर छापामारी कयलक अछि। प्राप्त जनतबक अनुसार आय सँ बेसी संपत्तिक मामिला मे ई छापामारी कयल गेल अछि।

———————————————————————————

नेपालक आम चुनाव मे बालेन्द्र शाह के राष्ट्रीय स्वतंत्र पार्टी–आरएसपी भारी जीतक दिस बढि रहल अछि। एक सय पैंसठि निर्वाचन क्षेत्र मे सँ एखन धरि पचपन के अंतिम परिणाम घोषित भेल अछि। शेष स्थान पर मतगणना जारी अछि। प्रथम–पास्ट–द–पोस्ट प्रणालीक अंतर्गत राष्ट्रीय स्वतंत्र पार्टी छिहत्तरि निर्वाचन क्षेत्र मे आगां चलि रहल अछि। राष्ट्रीय स्वतंत्र पार्टी चौवालीस सीट जीतलक अछि आ नेपाली कांग्रेस छओ सीट जीतलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।